

## Kouman pou mwen aplike pou èd finansye?

### Etap 1: Mande yon fòm aplikasyon.

Fòm sa yo disponib gratis lè w vizite [geisinger.org](http://geisinger.org) oswa lè w rele **800-640-4206**. Fòm yo disponib tou nan tout klinik Geisinger yo ak depatman ijans lopital yo, ansanm ak zòn kote yo entène malad yo nan lopital la (admission areas).

### Etap 2: Ranpli epi retounen fòm nan.

Lè w fin ranpli fòm nan, voye li nan adrès sa a:

Geisinger Uncompensated Care Services  
100 N. Academy Ave.  
Danville, PA 17822-4938

### Etap 3: N ap revize aplikasyon w lan.

Nou pral revize aplikasyon w lan pou nou detèmine si w kalifye pou jwenn èd dapre gid ki nan bwochi sa a. Nou pral pran an kont kèlkeswa sitiyasyon espesyal ou ta ka ladan.

### Etap 4: W ap resevwa yon desizyon.

Ou pral resevwa yon desizyon alekri san pèdi tan, anjeneral nan 30 jou apre w fin aplike. Si nou refize aplikasyon w lan, n ap eksplike w poukisa. Nan desizyon an, n ap eksplike w tou kijan pou w fè yon plan peman.

*Tout aplikasyon pou èd finansye yo konfidansyèl. Nou pataje enfòmasyon yo sèlman ak moun yo k ap detèmine elijiblite w la.*

*Fòm aplikasyon èd finansye yo disponib nan lang arab, angle, chinwa, panyòl, nepali ak vyetnamiyen.*

# Èd finansye

Nou ka ede w



# Geisinger

## Angajman nou pou bay swen sante

Lè w bezwen swen sante ki mande sèvis medikal esansyèl (Medically Necessary HealthCare, MNC) ou dwe jwenn li, kèlkeswa kapasite ou gen pou peye. Bwochi sa a eksplike règleman èd finansye Geisinger a ak kijan ou ka kalifye ak aplike pou jwenn èd la.

## Règleman Konsènan Èd Finansyèl

- Sitiyasyon finansye w p ap afekte swen w ap resevwa a. Nou trete tout moun avèk respè ak enpasyalite.
- Gen èd ki disponib pou swen ki bezwen sèvis medikal esansyèl. Ou ka aplike nenpòt ki lè - anvan, pandan oswa apre tretman w lan.
- Si ou pa gen asirans sante oswa avantaj asirans ki limite ak/oswa resous finansye ki limite, ou ka elijib pou jwenn èd. Pasyan ki pa gen asirans yo dwe aplike pou Asistans Medikal Pennsylvania (Pennsylvania Medical Assistance).
- Nou detèmine apwobasyon èd finansye a dapre gid ki nan règleman Geisinger a, nou eksplike nan bwochi sa a.
- Gen plan ranbousman disponib si balans ou se \$200.01 oswa plis.
- Si ou pa kalifye pou jwenn èd finansye men ou panse gen sitiyasyon espesyal ou ladan, ou ka mande yon konsèyè finansye Geisinger pou li revize dosye w la.
- Ou dwe bay nou tout enfòmasyon ki nesèsè pou w aplike pou lòt sous finansman ki ka disponib pou ou, tankou Asistans Medikal, asirans Medicare pou moun andikape (Medicare Disability), oswa lòt pwogram federal oswa pwogram leta.
- Ou responsab swen sante w finansyèman epi pou w aplike pou jwenn èd finansye. Geisinger pral mete materyèl aplikasyon yo disponib pou ou byen fasil. Pou fè demand yon aplikasyon, ale sou [geisinger.org](http://geisinger.org) oswa rele **800-640-4206**.

## Èske w kalifye pou jwenn èd finansye?

Elijiblite pou w jwenn èd finansye baze sou gid povrete gouvènman federal la (Federal Government's Poverty Guidelines), li mete ajou chak ane.

- Ou ka kalifye pou jwenn èd si revni moun lakay ou a se 300% oswa mwens pase gid povrete federal aktyèl la.
- Itilize grafik anba a pou detèmine si kantite moun k ap viv lakay ou a ak revni yo mwens pase 300% nivo povrete federal la.

Kantite moun ki nan kay la	300% Nivo Povrete Federal
1	\$ 45,180
2	\$ 61,320
3	\$ 77,460
4	\$ 93,600
5	\$ 109,740
6	\$ 125,880
7	\$ 142,020
8	\$ 158,160
<b>Pou chak moun anplis, ajoute:</b>	<b>\$ 16,140</b>

- Detèminasyon final la baze sou yon evalyasyon revni, enfòmasyon ki sou aplikasyon an ak byen yo parapò ak responsablite pasyan an. Si nou jije w elijib dapre pwogram èd finansye Geisinger a, ou pral resevwa yon rabè 100% sou frè sèvis medikal esansyèl yo.

## Eksklizyon

Malgre pwogram èd finansye Geisinger a kouvri pifò sèvis, gen kèk esklizyon, tankou, men se pa sa sèlman sa yo:

- Sèvis kosmetik
- Sèvis repwodiktif ochwa
- Sèvis ki gen rapò transplantasyon
- Sèvis ki gen rapò ak baryatrik
- Swen dantè òdinè oswa rekonstriksyon dantè pou rezon kosmetik
- Depans dirèk ki soti nan plan asirans ki pa fè pati rezo Geisinger la.

Pou kontakte yon konsèyè finansye, rele **800-640-4206**.

